NÈF SIY

YON LEGLIZ KI AN SANTE

KATRIYÈM EDISYON

Mark E. Dever

NÈF **SIY**

YON LEGLIZ KI AN SANTE

KATRIYÈM EDISYON

Mark E. Dever

525 A Street NE • Washington, DC 20002

Phone (202) 543-1224, FAX (202) 543-6113

www.churchreform.org

Nèf siy yon Legliz ki an sante
© 2001 Mark E. Dever
Tout dwa rezève
Imprime nan Eta zini Damerik.

Katriyèm Edisyon: Month 2001

SANT LEGLIZ REFÒM LAN

MISYON NOU

- **Bay:** Ipokrizi fè legliz vin san valè.
- **Bay:** Vrè, lavi pwòp (sentete ke Bondye fè nou gras viv la) se yon zouti enpòtan pou lasirans, édifikasyon, ak evanjelizasyon. Men, jodi a lavi pwòp sa (sentete) twò souvan neglije.
- **Aprè:** Misyon nou se rele legliz la pou li kapab deveni kalite bèl fiyanse Kris te rachte a epi fè l' ye a. N'ap reyalize misyon sa nan fè edikasyon epi ankouraje pastè ak lòt lidè legliz yo.

OBJEKTIF NOU

Avèk anpil enpòtans ke anpil Kretyen evanjelik kontinye ap bay otorite Bib la, ogmantasyon lidè (k'ap fonksyone daprè sistèm) ki nan lemonn ak dekadans entegrite nan denominasyon yo, anpil tradisyon anba anpil kesyon jodi a. Nou kwè gen enterè, lespri ouvè ak anvi pou repanse sou legliz nan mitan kretyen evanjelik yo. Kounye a, se yon bon opòtinite pou nou redéfini legliz nan fason ki pi klè, ki plis biblik (ki daprè Bib la). Sant Legliz Refòm a ap chèche chanje fason ke pastè yo ak lidè yo konprann legliz lokal la.

Nou vle rekonsantre atansyon sou valè yon kongregasyon ki an sante. Nou vle rekonekte teyoloji biblik la ak sa legliz la ap pratike.

CCR kreye yon fowòm edikasyonèl pou diskite, egzamine epi pou fè deba sou eleman ki konpoze modèl yon legliz lokal. Anplis edikasyon, nou ta renmen prezante yon modèl ke pawòl Bondye a toujou ap refòme. Kat vwa prensipal ke n'ap sèvi pou chèche demontre yon model legliz ki an sante se:

- Media: radyo, entènèt, ministè kaset
- Etid: konferans, estaj, repo sabatik
- Piblikasyon: liv, ti liv, papye
- Evanjelizasyon: panse "tank" ak "vwayaje

PLAN LIV LA

KLASMAN LÒT TRAVAY OTÈ LIV SA FE I

PREMYE KOZE II

PRÈCH EKSPOZISYONÈL 1

TEYOLOJI BIBLIK 7

KONPREYANSYON BIBLIK SOU BÒN NOUVÈL LA 13

KONPREYANSYON BIBLIK SOU KONVÈSYON 17

KONPREYANSYON BIBLIK SOU EVANGELIZASYON 23

KONPREYANSYON BIBLIK SOU MANM LEGLIZ 29

DISIPLIN NAN LEGLIZ DPRE BIB LA 37

ENTERÈ POU FÈ PROMOSYON NAN FÈ DISIP POU KRIS AK DEVLOPMAN 43

LIDÈCHIP LEGLIZ DAPRÈ BIB LA 49

DÈNYE KOZE 57

ALYANS YON LEGLIZ KI AN SANTE 59

Nine Marks of a Healthy Church, expanded version. (Crossway: 2000).

Richard Sibbes (Mercer University Press: 2000).

Polity: Biblical Arguments for How to Conduct Church Life: A Collection of Historic Baptist Documents (CCR: 2001).

A Display of God's Glory: Basics of Church Structure: Deacons, Elders, Congregationalism, and Membership. (CCR: 2001).

"The Priesthood of All Believers: Reconsidering Every-Member Ministry," in *The Compromised Church*, ed. John Armstrong (Crossway: 1998).

"Reflections on Providence," in *Christianity in a Changing World*, ed. Michael Schluter and theCambridge Papers Group (Marshall Pickering: 2000).

"Communicating a Sense of Sin," in *Telling the Truth: Evangelizing Postmoderns*, ed. D. A.Carson (Zondervan: 2000).

"Why I am a Baptist," in *Why I Am A Baptist*, ed. Tom Nettles & Russ Moore (Broadman: 2001).

"John L. Dagg," in *Theologians of the Baptist Tradition*, ed. Timothy George and David S.Dockery (Broadman: 2001).

"Do the Work of an Evangelist," in *Reforming Pastoral Ministry*, ed. John Armstrong (Crossway:2001).

"Why We Disciplined Half our Church" in *Leadership Journal* (Fall, 2000).

"Church Discipline," in the *Southern Baptist Journal of Theology* (Winter 2000).

PREMYE KOZE

Bondye, nan bonte ak amou Li, pat rele nou pou nou kretyen sèlman. Malgre nou endividyèlman fè peche, epi endividyèlman resevwa apèl pou sòti nan lemonn, nou resevwa apèl tou pou nou rasanble ansanm nan yon asanble lokal. Asanble sa a rele, nan Nouvo Kontra, legliz.

Jodi a, anpil liv sou mache a epi anpil moun ap deklare ke prèske tout kalite oubyen karakteristik yo kapab imajine, estil oubyen teknik adorasyon, pwogram òdinatè, liv, sistèm son, seminè, ministè, edikasyon, pwogram, gwoup, filozofi, metòd, doktrin, moral, rankont espirityèl, bèl imaj desen byen trase, oswa bon jesyon se kle ki fè legliz mache byen. Kiyès ki bon? Kòman ou kapab rekonèt si yon legliz an sante? Kòman ou kapab rekonèt si pwòp legliz ou an sante? Ki sa ou kapab fè pou ankouraje devlopman ki biblik, ki dire, epi ki glorifye Bondye ?

Ti liv sa a se yon zouti pou chanje legliz yo. Nan ti liv sa mwen bay nèf siy diferan pou rekonèt yon legliz ki an sante. Siy sa yo pa sèlman kalite ki egziste nan yon legliz ki an sante. Yo pa tout bagay yon moun ta vle di sou yon legliz. Yo pa menm nesesèman bagay ki pi enpòtan sou zafè legliz. Pa egzanp, doktrin batèm lan, ak doktrin kominyon an, se aspè esansyèl nan yon legliz biblik, men yo pa dirèkteman diskite la a. Se paske nòmalman chak legliz omwen eseye pratike yo. Nèf siy ki diskite nan ti liv sa a se kalite ki kapab mete yon legliz apa, ki kapab fè distenksyon ant yon legliz ki an sante epi ki biblik avèk anpil lòt legliz ki malad.

Paske nèf siy ki diskite nan ti liv sa, yo pa jwenn yo souvan nan legliz nou yo denojou, donk nou bezwen ba yo yon atansyon espesyal e kiltive yo nan legliz nou yo. Natirèlman, menm jan pa gen okenn kretyen ki

pafè nan lavi sa, konsa tou pa gen okenn legliz pafè. Menm legliz ki (parèt) pi bon an konn pèdi lidè a. Ni polites kòrèk, ni gwo mesaj, ni gwo sakrifis nan bay ofrann, ni kwayans kòrèk nan doktrin pa kapab asire ke yon legliz ap fleri. Men, nenpòt legliz kapab pi an sante ke li ye kounyeya. Nan pwòp vi nou, nou poko wè viktwa konplè sou peche, men kòm vre pitit Bondye nou pa bay legen nan batay la.

Legliz pa dwe bay legen nan batay la tou. Kretyen, espesyalman pastè ak lidè legliz dezire e yap travay di pou yo kapab wè legliz yo an sante. Objektif ti liv sa a se ankouraje kalite sante sa a nan legliz yo. Se poutèt sa m'ekri, se poutèt sa w'ap li, konsa Bondye va jwenn glwa nan men pèp li a. Atachman ke nou menm Ameriken genyen avèk pragmatik (entriksyon pratik detaye), espesyalman reyalizasyon ki aklè yo, dwe ranplase avèk imilite, lafwa ki depann sou fidelite Bondye, patikilyèman nan swiv kòmandman l' yo kèlkeswa nenpòt reyaksyon nou trouve menm moman. Nou dwe gen kategori pou rekonèt epi ankouraje travay pa sèlman yon moun ki plante yon legliz nan yon zòn k'ap grandi, oswa nan mitan yon revèy, men tou, rekonèt epi ankouraje pastè k'ap travay fidèlman nan zòn osinon nan lavil k'ap dekline yo.

Nou dwe kapab ankouraje travay Bondye menm jan nou te wè nan travay William Carey oswa Adoniram Judson, pa sèlman nan kwazad osinon misyon ki te gen yon bann kantite moun ki reponn menm moman.

Soulinye prekosyon sa a: sou zafè fe legliz la sonje objektif ak pratik, nou pa dwe konte sou lekòl seminè yo kòm ajan pou fè chanjman ak refòm biblik. Seminè yo (kit yo se denominasyon oubyen lot) se enstitisyon ki gen dwa pou jere pwòp tèt yo selon manm ki reprezante yo, epi yo dwe fidèl avèk reprezantan sa yo, oswa yo peri. Sa a se konsa li ta dwe ye. Se poutèt sa

a, nou dwe travay pou yon chanjman ki pi long, pi dousman, pi profon, pandan n'ap travay pou chanje legliz nou yo.

Yon lot fwa ankò, menm legliz ki (parèt) pi bon an konn pèdi modèl lidè a, men nou pa dwe sispann travay poutèt sa. Nou tout genyen menm dezi pou nou we legliz nou yo an sante. kote Bondye va resevwa glwa nan men pèp li a. Ke liv
sa a sèvi pou akonpli objektif sa.

1

PRÈCH EKSPOZISYONÈL

I. **Definisyon yon prèch ekspozisyonèl**

II. **Prèch ekspozisyonèl pa fondamantalman yon estil**

III. **Soumisyon devan pawòl Bondye, pa devan konesans mesaje a**

IV. **Bondye te toujou kreye pèp li avèk pawòl li**

V. **Santralite mesaj pawòl Bondye a**

Plas pou kòmanse a se, jan Bondye te kòmanse avèk nou– jan li pale ak nou. Se konsa pwòp sante espirityèl nou te rive egziste, epi se konsa tou legliz nou yo ap vini an sante. Espesyalman enpòtan pou nenpòt moun ki lidè nan yon legliz, men sitou pou pastè legliz la, se angajman li pran pou fè ekspozisyon mesaj li, ki se youn nan metòd ki pi ansyen sou zafè preche yon mesaj. Yon prèch ekspozisyonèl se preche avèk

objektif pou byen eksplike an detay sa ki di nan yon pasaj biblik, byen eksplike siyifikasyon li epi aplike li nan lavi pèp la (gade Neyemi 8:8). San dout, gen anpil lòt kalite metòd pou preche yon mesaj. Pa egzanp, mesaj sou yon topik (sijè), ranmase tout sa Bib la ansèye sou yon sèl topik (sijè), tankou lapriyè, oswa bay. Yon mesaj biyografik pran lavi yon moun nan Bib la pou montre li kòm yon pòtre favè Bondye, epi kòm yon egzanp pou espwa ak fidelite. Men, fè ekspozisyon yon mesaj se yon lòt bagay—se eksplikasyon ak aplikasyon yon pòsyon patikilye nan Pawòl Bondye a.

Yon prèch ekspozisyonèl depann sou kwayans nan otorite Bib la genyen, men li plis ke sa. Yon angajman pou fè ekspozisyon yon mesaj se yon angajman pou-w renmen tande Pawòl Bondye. Menm jan pwofèt Ansyen Kontra ak Apòt Nouvo Kontra yo te resevwa pa jis yon komisyon pou ale pale, men yo te gen yon mesaj patikilye. Mesaje kretyen gen otorite pou pale de Bondye toutotan yo rete ap pale pawol Bondye a. Se konsa, otorite mesaje k'ap fè ekspozisyon an kòmanse epi fini ak Bib la. Pafwa moun kapab konfonn ekspozisyon yon prèch ak estil yon mesaje ki fè yon ekspozisyon, men sa pa fondamantalman yon kesyon de estil. Kòm lòt moun te obsève, ekspozisyon yon mesaj pa tèlman baze sou ki jan nou di sa nou di a, men ki jan nou deside sa pou di. Li pa make avèk yon fòm patikilye, men avèk pawòl ki Nan Bib la.

Yon moun ka aksepte otorite Pawòl Bondye a avèk jwa epi menm konfese ke li kwè Bib la san fòt;

men, si moun sa an pratik (ke se te entansyon l' oubyen se pat entansyon l') pa preche yon mesaj ekspozisyonèl, li pap janm preche plis ke li deja konnen. Yon mesaje ka pran yon pasaj nan Bib la epi egzòte legliz la sou yon topik ki enpòtan san li pa reyèlman preche pwen esansyèl ki nan pasaj la. Lè sa rive, mesaje a ansanm ak legliz la sèlman tande nan pasaj la sa yo te deja konnen. Kontrèman, lè nou preche yon pasaj nan Bib la nan kontèks, nan fason ekspozisyonèl— pran pwen nan pasaj la kòm pwen nan mesaj la—nou tande de Bondye bagay nou pat gen entansyon tande lè nou te kòmanse. Depi premye apèl pou rive nan repantans nan kèk kote nan lavi nou ke sentespri a pa lontan te plis konvenk nou, lavi etènèl nou depann de fason ke nou anvan sa te tande pawòl Bondye a, yon fason nou pate ka janm devine anvan. Soumisyon pratik devan Pawòl Bondye a dwe parèt aklè nan ministè yon mesaje (moun k'ap bay mesaj la). Atansyon erè la a: finalman se responsablite pèp la pou asire ke soumisyon pratik devan Pawòl Bondye a dwe parèt aklè nan ministè yon mesajè. (Gade responsablite ke Jezi bay pèp la nan Matye 18, oswa Pòl bay nan 2 Timote 4). Yon legliz pa janm dwe bay yon moun ki pa nan pratik devwa pou renmen tande ak ansènye Pawòl Bondye a responsab sipèvizyon espirityèl yon legliz (yon bann mouton). Rive fè sa se inevitableman anpeche kwasans legliz la, pratikman ankouraje legliz la grandi sèlman nan nivo pastè a. Nan ka sa a, legliz la ap tou dousman konfòme nan nivo lidè pastè a, olye se nan nivo lide Bondye.

Pèp Bondye a te toujou kreye avèk Pawòl Bondye a. Sòti depi nan kreyasyon nan Jenèz 1 rive nan apèl Abram nan Jenèz 12, sòti nan vizyon nan vale zo sèch yo nan Ezekyèl 37 rive jouk lè Pawòl vivan te vini, Bondye te toujou kreye Pèp li avèk Pawòl Li. Kòm Pòl te ekri moun Wòm yo, "se lè ou tande mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse" (Women 10:17). Oswa, kòm Pòl te ekri moun Korent yo, "Se sak fè, moun k'ap viv daprè lide ki nan lemonn lan, avèk tout bon konprann yo, yo pa kapab rekonèt Bondye kote Bondye ap fè wè bon konprann li. Se poutèt sa, Bondye deside delivre tout moun ki kwè nan pawòl moun fou n'ap anonse a" (1 Korentyen 1:21).

Preche vrè mesaj expozityonel ki apwopwiye se souvan sous kwasans yon legliz. Nan eksperyans Martin Luther, kalite atansyon ke nou bay Pawòl Bondye a te komansman Refòm nan. Nou menm tou nou dwe devwe pou nou kapab yon legliz k'ap toujou refòme daprè Pawòl Bondye a.

Yon fwa, lè m' t'ap ansènye yon jounen seminè sou doktrin "Piriten" nan yon legliz nan London, mwen mansyone ke Prèch Piriten yo te konn dire de zè de tan. Lè sa a, yon moun mande, si se konsa "Konbyen tan mesaj sa te kite pou fè adorasyon?" Sipozisyon an se te… tande Pawòl Bondye a preche pat konsidere kòm adorasyon. Mwen reponn ke anpil kretyen Pwotestan Anglè te konsidere tande Pawòl Bondye nan pwòp lang pa yo epi reponn Pawòl Bondye nan lavi yo kòm yon pati esansyèl nan sèvis adorasyon an. Ke yo te gen tan pou chante ansanm pa t'ap konsène yo twòp. Legliz nou yo dwe reklame enpòtans Pawòl

Bondye a kòm santralite nan adorasyon nou yo. Tande Pawòl Bondye epi reponn a sa Pawòl Bondye di (aplikasyon) ka enkli lwanj ak remèsiman, konfesyon ak proklamasyon, epi nenpòt nan sa yo ka nan chante, men youn nan yo pa bezwen nan chante. Yon legliz ki bati sou mizik—nan nenpòt estil—se yon legliz ki bati sou grenn sab. Preche se eleman fondamantal nan lavi pastoral yon legliz. Priye pou pastè ou, pou li kapab devwe tèt li nan etid Pawòl Bondye kòmsadwa, avèk anpil atansyon li fiske sou sa, pou Bondye gide li nan konpreyansyon Pawòl Bondye, nan aplikasyon Pawòl Bondye nan pwòp vi' l, ak nan aplikasyon Pawòl Bondye nan legliz la (gade Lik 24:27; Travay 6:4; Efezyen 6:19-20). Si ou se yon pastè, lapriyè bagay sa yo pou tèt ou. Lapriyè tou pou lòt moun k'ap preche epi ansènye Pawòl Bondye. Finalman, lapriyè pou legliz nou yo kapab devwe pou tande Pawòl Bondye preche nan fason ekspozisyonèl, konsa objektif Bondye nan Bib la kapab enfliyanse objektif chak legliz yo. Devosyon pou fè ekspozisyon yon mesaj se yon siy enpòtan nan sante yon legliz.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Li Neyemi 8:7-8. Ki sa Bib la di ke moun Levi yo te fè pou pèp la pandan yo tap li Liv la Lwa pou yo? Nan Vèsè 12, li rapòte ke aprè rasanbleman, moun yo kite gwo selebrasyon an avèk gwo kè kontan. Daprè pasaj la, poukisa yo t'ap selebre?

2. Otè liv sa a defini prèch ekspozisyonèl la kòm "yon eksplikasyon ak aplikasyon yon pòsyon patikilye nan Pawòl Bondye a." Rezime definisyon sa a nan pwòp mo pa ou. Ki sa ki fè distenksyon ant yon prèch ekspozisyonèl ak lòt kalite prèch, tankou prèch ki pale sou yon topic ounbyen sou lavi yon moun (biografik)?

3. Nan liv Travay 20:27, Pòl di moun Efèz yo ke li te travay di pou fè yo konnen “tout plan travay Bondye a.” Rekonèt ke travay nou kòm lidè legliz se fè menm bagay la pou pèp nou an. Kòman ekspozisyon yon mesaj kapab benefisye nou nan travay nou pou fè pèp nou an konnen “tout plan travay Bondye a”? Ki danje ki egziste si nou pa "Pran pwen pasaj la kòm pwen mesaj nou an?"

4. Sòti nan Jenèz 1 rive nan Nouvo Kontra, Bondye te toujou kreye pèp li avèk Pawòl Li. Li liv Women 10:17 ak 1 Korentyen 1:21. Ak ki sa Bondye sèvi pou Pèp li ka rive mete konfyans yo nan Kris la? Kisa sa fè nou konnen sou valè ke nou dwe bay Pawòl Bondye nan legliz nou yo? Ki jan valè ke nou bay Pawòl Bondye kapab manifeste tèt li pratikman nan prèch, mesaj nou yo?

2

TEYOLOJI BIBLIK

I. Vrè doktrin—pawòl verite a

II. Linyon, divèsite, ak renmen

III. Jerans doktrin ki konplike epi ki lakòz diskisyon

IV. Rezistans a souverènte Bondye

V. Lidè yo dwe anbrase souverènte Bondye

Ekspozisyon Pawòl Bondye a enpòtan pou sante yon Legliz. Men, chak metòd, bon ke li bon, kapab abize (mal-anplwaye), epi poutèt sa dwe evalye. Nan legliz nou yo, nou sipoze konsène pa sèlman avèk kòman yo ansènye nou, men avèk sa y'ap ansènye nou.

Nou dwe apresye verite, espesyalman nan konprann Bondye ki nan Bib la epi nan fason Bondye aji ak nou. Verite se yon ansyen mo. Nan lèt Pòl te ekri Timote ak Tit, "verite" vle di kòrèk oubyen fidèl. Rasin mo sa a reflete yon imaj ki sòti nan domèn medikal la ki vle di konplè oubyen sante. Nou li nan 1 Timote 1 ke

Bòn nouvèl la fòme vrè doktrin—Pawòl verite a, epi Pawòl verite a opoze nou fè bagay Bondye pa vle moun fè epi opoze peche. Menm pi klè, nan 1Timote 6:3, Pòl opoze " fo doktrin" ak "pawòl verite ki sòti nan Jezikri senyè nou an epi…ansèyman ki konsène Bondye." Se konsa, nan dezyèm lèt li te ekri Timote a, Pòl egzòte Timote pou "Pran modèl sou pawòl verite mwen te ba ou yo" (2 Timote 1:13). Pòl avèti Timote ke "Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tande." (2 Timote 4:3).

Lè Pòl te ekri yon lòt jenn pastè, Tit, li te gen menm enkyetid yo. Pòl di, nenpòt moun ke Tit ta nonmen kòm yon chèf reskonsab legliz "Se pou l' kenbe mesaj verite a byen fèm, jan Kris la te bay li a, pou l' ka ankouraje lòt yo ak pawòl verite a, pou li ka demanti moun k'ap vire pawòl la lanvè" (Tit 1:9). Pòl ankouraje Tit pou pale sevè ak direktè nan mitan nou k'ap bay manti yo "pou yo ka sensè nan konfyans yo" (Tit 1:13). Pòl chaje Tit lè li te di'l, "Ou menm, se pou tou sa w'ap moutre moun dakò ak bon mesaj la" (Tit 2:1).

Si nou tap fè etalaj sou tout sa ki konstitiye vrè doktrin—Pawòl verite a, nou t'ap repwodwi tout Bib la. Men, nan pratik, tout legliz deside, nan ki bagay sipoze gen akò konplè, limite dezakò, ak libète konplè.

Nan legliz ke mwen sèvi nan Washington, DC, nou mande pou chak moun ki gen pou vini manm legliz la kwè ke delivrans lan se nan travay Jezi Kris te akonpli sou lakwa li ye sèlman. Epi nou konfese menm

konprann nan batèm epi nan kondwit legliz la. Dakò sou de dezyèm pwen sa yo pa esansyèl pou yon moun sove etènèlman, men dakò sou yo itil pratikman epi itil pou sante legliz la.

Nou ka pèmèt kèk dezakò sou bagay ki sanble nesesè ni pou delivrans yon moun, ni pou lavi pratik legliz la. Se konsa, pa egzanp, malgre nou tout dakò ke Kris ap retounen, nou pa sezi ke gen dezakò nan mitan nou sou lè l'ap retounen. Nou kapab jwi tout libète nan bagay ki mwens enpòtan oswa klè, tankou eske sa dwat pou yon moun reziste zam, oswa ki moun ki te ekri liv Ebre.

Nan tout bagay sa yo, prensip la ta dwe klè: pi pre nou trouve nou nan konfyans nou, plis nou espere wè amoni nan yon konpreyansyon ki pataje sou konfyans nou genyen nan Bondye. Legliz primitiv mete l' fason sa a: nan bagay esansyèl yo inite, nan bagay ki pa esansyèl yo divèsite, nan tout bagay renmen.

Vrè ansèyman mande yon angajman klè nan doktrin ki souvan neglije men ki klèman biblik. Si nou dwe aprann vrè doktrin ki nan Bib la, nou dwe dakò doktrin ki ka difisil, oswa menm doktrin ki ka potansyèlman kreye dezakò, men doktrin ki fondamantal pou konprann travay Bondye nan mitan nou. Pa egzanp, doktrin biblik sou "eleksyon" ke moun souvan evite paske li twò difisil, oswa paske li kreye twòp konfizyon. Malgre tout, ansyen pa kapab nye ke doktrin sa a biblik epi enpòtan. Pandan ke li ka gen enplikasyon ke nou pa fin konprann, se pa ti zafè ke se Bondye Li menm chwazi pou delivre nou olye ke se nou menm ki chwazi pwòp tèt nou. Lòt kesyon

enpòtan ke Bib la reponn ki neglije:

• Èske moun fondamantalman move oswa bon? Èske yo senpleman bezwen ankourajman epi ranfòse satisfaksyon pwòp tèt yo, osinon yo bezwen padon Bondye ak yon lavi nouvo?

• Kisa Jezi Kris te fè lè Li te mouri sou lakwa a? Eske Li te ofri yon opsyon, osinon se Li menm ki te mouri nan plas nou?

• Kisa ki pase lè yon moun vin kretyen?

• Si nou se kretyen, eske nou ka asire ke Bondye ap kontinye pran swen nou? Si se konsa, eske Bondye ap kontinye pran swen nou akòz fidèlite nou osinon fidèlite Li?

Tout kesyon sa yo pa senpleman bagay pou teyolojyen k'ap ekri liv oswa pou jèn elèv seminè. Kesyon sa yo enpòtan pou tout kretyen. Nou menm ki se pastè konnen ki jan nou ta dwe pran swen pèp nou an yon lòt jan si repons nou pou nenpòt nan kesyon sa yo chanje. Fidèlite nan kenbe Pawòl Bondye mande ke nou pale sou pwoblèm sa yo, ak limyè epi otorite.

Konpreyansyon nou sou sa Bib la ansènye sou Bondye enpòtan. Bondye ki nan Bib la se Kreyatè ak Senyè, men moun pafwa refize aksèpte souverènte li, menm nan legliz. Pou kretyen ki konfese Kris reziste lide ke Bondye souveren nan kreyasyon oswa nan delivrans moun se reyèlman jwe avèk dout relijye (panse liberal). Anpil kretyen gen kesyon onèt sou souverènte Bondye, men kontinye epi pèsiste refize souverènte Bondye ta dwe konsène nou. Batize yon moun konsa se batize yon kè ki, nan yon fason, toujou pa gen konfyans nan Bondye. Admèt yon moun konsa

kòm manm Legliz parèt tankou n'ap trete moun sa yo tankou si yo te kwè nan Bondye, lè an reyalite yo pa kwè vre.

Malgre rezistans sa yo se gwo danje nan lavi nenpòt kretyen, yo se pi gwo danje nan lidè yon legliz. Chwazi mete yon moun kòm yon lidè legliz ki doute souverènte Bondye mal konprann, mal enteprete ansèyman biblik sou zafè sa yo se mete moun sa kanpe osinon ki seryèzman kòm egzanp yon moun ki pwofondman refize gen konfyans nan Bondye. Chwazi yon moun konsa anpeche legliz la devlope.

Twò souvan jodi a kilti nou ankouraje nou chanje evanjelizasyon pou piblisite epi ankouraje nou eksplike travay Lespri Bondye a nan menm fason moun achte epi vann machandiz. Bondye menm pafwa vin parèt transfòme nan imaj lezòm. Lè sa, yon legliz ki an sante dwe espesyalman fè atansyon pou lapriyè pou lidè legliz ki byen konprann souverènte Bondye selon Bib la, epi ki fè eksperyans souverènte Bondye, epi ki kenbe angajman yo pou ansènye vrè doktrin biblik, nan tout totalite li, nan tout bèl otorite biblik li. Yon legliz ki an sante toujou manke pa ekspozisyon mesaj Pawòl Bondye nan prèch ak teyoloji biblik.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Li 1 Timote 6:3-5. Kòman Pòl dekri yon moun ki ansènye "fo doktrin"? Poukisa ou panse ke li te enpòtan pou Pòl pou Timote bay pèp li a "enstriksyon sen, epi ensèyman ki sòti nan Bondye"?

2. Otè liv sa a mansyone plizyè doktrin ke yon moun dwe kwè pou moun sa kapab vin manm nan legliz kote l'ap sèvi a. konsa tou, li te bay lis plizyè ka ke yo konsidere ke manm legliz la kapab jwi kòm libète nan kwayans yo. Ki sa yon moun bezwen kwè pou li kapab vin yon manm nan legliz ou a? Ki jan kwayans sa yo distenge legliz ou a avèk lòt legliz ki nan zòn nan? Sou ki ka legliz ou a pèmèt yon seri de libète?

3. Gen kèk doktrin ki san dout prezan nan Bib la ke moun souvan inyore oswa neglije paske yo difisil, yo kòz diskisyon, oswa yo kreye divizyon. Eske posibilite pou gen konfli yon bon rezon pou nou evite konvèsasyon ak enstriksyon sou doktrin sa yo nan legliz nou an? Poukisa li yon bon rezon oswa poukisa li pa yon bon rezon?

4. Otè liv sa a fè lis kat kesyon nan paj 9-10 ki anpil fwa pa resevwa atansyon ke yo merite. Kòman ou panse Bib la reponn kesyon sa yo? Bay referans biblik pou repons ou yo.

5. Pòl ekri nan Tit 1:9 ke lidè nan yon Legliz dwe "kenbe mesaj verite a byen fèm, jan Kris la te bay li a." Eske ou panse ke li enpòtan pou yon pastè oswa ansyen nan Legliz konprann epi anbrase souverènte Bondye ki chwazi moun ke li vle sove? Ki danje pou yon lidè legli ki doute souverènte Bondye ki chwazi moun ke Li vle sove, oubyen yon lidè legliz ki mal konprann ansènyeman Bib la bay sou zafè sa a.

3

KONPREYANSYON BIBLIK SOU BÒN NOUVÈL LA

I. Levanjil la se kè relijyon Kris la

II. Bondye, lòm, Kris, repons

III. Levanjil la se yon kado radikal pou moun gen lavi ki pap janm fini an

Li enpòtan anpil pou genyen yon teyoloji biblik nan yon aspè espesyal nan lavi legliz la — fason nou konprann bòn nouvèl Jezi Kris a, levanjil la. Levanjil la se kè relijyon Kris la (krisyanite), epi se poutèt sa li dwe fondasyon lafwa nou. Nou tout etanke kretyen dwe lapriyè pou mande Bondye pou'l fè nou plis konsène sou bòn nouvèl ki fè moun sove a ke tout lòt bagay nan lavi legliz la. Yon legliz an sante se yon legliz ki gen kè'l atache avèk levanjil Kris la, gen yon kè ki atache avèk levanjil la vle di se gen yon kè ki ranpli ak renmen pou

verite a—pou konnen kiyes Bondye ye li menm pesonèlman, pou bezwen nou, pou provizyon Kris la, ak pou responsablite nou tout. Lè mwen prezante levanjil la bay yon moun, gen kat bagay mwen toujou sonje-- Bondye, lòm, Kris, repons. Eske-m te pataje ak moun sa verite sou Bondye ki sen epi ki kreyatè souveren an? Eske-m te fè moun sa konprann ke nou menm lòm nou se yon kreyati ki fèt nan imaj Bondye malgre sa ki tonbe nan tantasyon, ki pechè epi ki separe ak Bondye? Eske moun m'ap pale avèk li a konprann kilès Kris ye—Bondye—alafwa lòm, sèl mediatè ant Bondye ak lòm, Kris ki te mouri nan plas nou an, epi ki te leve sòti vivan nan lanmò kòm Senyè? Epi finalman, menm si m' fini pataje tout bèl pawòl sa yo ak moun nan, eske li konprann ke li dwe resevwa epi reponn a bòn nouvel sa, li dwe kwè mesaj la, epi li sipoze kite lavi li t'ap viv pou pwòp tèt li a, lavi peche-l la?

Pou prezante levanjil la kòm yon engredyan adisyonèl pou bay moun ki poko konnen Bondye yon bagay yo natirèlman vle (lajwa, lapè, kè kontan, pwogrè, amou-pwòp, renmen) se pa konplètman vrè, men sèlman pasyèlman vrè. Menm jan J. I. Packer di " Le mwatye verite a maske se tankou se tout verite a ki vin tounen yon manti konplè.'' Fondamantalman, tout moun bezwen padon. Nou bezwen yon lavi espirityèl. Pou prezante bòn nouvèl la mwens radikalman pase sa a se ankourage fo konvèsyon epi plis manm legliz initil, ki tou de fè evanjelizasyon nan monn lan bò kote nou pi difisil.

Manm legliz nou yo ki gaye toupatou nan kay, nan biwo ak nan katye nou yo, denojou, ap wè plis ak moun ki pa kretyen, ke tout tan yo janm pase ak kretyen jou dimanch. Nou chak gen temwanyaj fòmidab nou sou jan nou te jwenn delivrans nou nan

Kris la. An nou pa chanje li pou yon lòt bagay. An nou pataje li jodi a menm! George W. Truett, gwo lidè kretyen nan jenerasyon pase a epi pastè nan (First Baptist Church) Premye Legliz Batis, Dallas, Texas, te di “Pi gwo akizasyon kriminèl ou ka pote kont yon legliz . . . se lè yon legliz manke nan pasyon ak konpasyon pou nanm moun. Yon legliz pa gen anyen pi bon pase yon ‘’klib etik’’ (group moun ki ap aplike prensip moral) si legliz sa a pagen yon jalouzi kap debòde pou nanm moun kap pèdi yo, epi si li pa ale deyò a al chèche fè nanm pèdi yo vin genyen konesans Jezi Kris la.” Yon legliz ki an sante konnen bòn nouvèl la, epi yon legliz ki an santé pataje bòn nouvèl la.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Otè liv sa kwè ke nou menm kretyen ta dwe konsène plis sou pati bòn nouvèl la ki pale sou delivrans moun jwenn gremesi Kris la pase nenpòt lòt bagay nan lavi legliz la. Eske Ou dakò? Li 1 Korentyen 2:2. Poukisa mesaj Jezi Kris la enpòtan konsa?

2. Pou ou gen yon konpreyansyon biblik nan bòn nouvèl la, ki sa yon moun bezwen konprann sou Bondye? Kisa yon moun bezwen konprann sou lòm ak eta li anba peche? Kisa yon moun dwe konprann sou Kris la? Daprè Jezi nan Mak 1:15, kisa ki ta dwe repons yon moun ki tande bon nouvèl la? Ki bagay ki dwe prezan nan chak de pati prensipal repons moun sa?

3. Otè liv la ekri "pou prezante bon nouvèl la mwens radikal pase sa a se ankourage fo konvesyon epi plis manm legliz ki pa vo anyen." Kisa ki mesaj "radikal" levanjil la? Kòman mesaj "radikal" levanjil la diferan de fason bòn nouvèl la pafwa prezante kòm yon fason pou moun ki pa kretyen yo vini kontan epi santi yo pi byen?

4. Kijan legliz pa-w la ale avèk defi George W. Truett bay nan paj 14-15? Eske legliz ou a gen pasyon pou pataje bòn nouvèl delivrans Kris la ak moun pèdi yo?

4

KONPREYANSYON BIBLIK SOU KONVÈSYON

I. Repantans epi lafwa

II. Konvèsyon se travay Bondye nan nou

III. Ou pa youn ki pou senyè a

IV. "Temwen ranvèse" nan Legliz la

V. Evidans konvèsyon nan fwi li

Nan premye rankont legliz nou an, nan lane 1878, nou te adopte yon deklarasyon lafwa. Se te yon vèsyon ki fò ke New Hamphire Konfesyon Lafwa te pwodwi nan ane 1833. Konfesyon sa te vin sèvi kòm fondasyon pou Lafwa ak Mesaj Batis, ke Konvansyon Batis nan Sid te adopte nan ane 1925 epi kontinye adopte ankò, nan yon vèsyon ki revize epi ki febli, nan lane 1963. Nan deklarasyon lafwa nou, atik

VIII li konsa: Nou kwè ke repantans ak lafwa se devwa sakre, epi tou gras enseparab (ki pa separe), ke Sentespri Bondye ki rejenere nou reyalize nan nanm nou; kijan nou te reyèlman vin kwè nan reyalite peche nou yo, nan danje ak feblès nou, ak nan Kris ki nan gras Li kreye pou nou chemen delivrans, nou tounen vin jwenn Bondye avèk regrè ki sensè, konfesyon, ak lapriyè pou gras Li; anmenmtan, ak tout kè nou resevwa Senyè Jezi Kris kòm Pwofèt nou, Prèt ak Wa nou, epi repoze sou Li sèl kòm sèl Sovè ki ase pou delivre nou.

Wè sa deklarasyon sa a di sou konvèsyon nou, chanjman nou. Nou tounen vin jwenn Bondye " paske nou te reyèlman vin kwè nan reyalite peche nou yo, nan danje ak feblès nou, ak nan Kris ki nan gras Li kreye pou nou chemen delivrans." Kòman tounen sa rive—ki gen ladan'l repantans ak lafwa? "Se Pouvwa Sentespri Bpndye ki rejenere nou an ki reyalize sa a nan nanm nou." Deklarasyon sa a site de referans pou sipòte ide sa a: Travay 11:18, "Lè yo fin tande Pawòl sa yo, yo sispann kritike'l. Yo pran fè lwanj Bondye. Yo t'ap di: Se vre wi. Bondye bay moun ki pa Jwif yo chans pou yo chanje, pou yo ka resevwa lavi tou" ak Efezyen 2:8, "Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa sòti nan nou menm, se yon kado Bondye ban nou." Si nou konprann konvèsyon nou an fondamantalman kòm yon bagay nou menm nou reyalize ak pwòp abilite pa nou olye yon bagay Bondye fè pou nou epi nan nou, lè sa a, nou konprann li mal. Konvèsyon sètènman gen ladan li aksyon nou—nou dwe fè yon desizyon, pran

yon angajman sensè, yon desizyon nou pran ak pwòp konsyans nou. Malgre sa, konvèsyon plis pase sa a. Bib la klè nan ansèyman li bay ke nou tout pap chache Bondye, gen kèk ki te jwenn wout la, pandan ke lòt moun yo toujou ap chèche. Okontrè, li prezante nou kòm moun ki bezwen gen kè nou ranplase, panse nou transfòme, lespri nou resevwa lavi. Nou pa kapab fè okenn nan bagay sa yo pou pwòp tèt nou. Nou kapab fè yon desizyon, pran yon angajman, men nou dwe sove. Chanjman oubyen repantans ke chak moun bezwen, kèlkeswa aparans nou (jan nou ka parèt deyò), sitèlman radikal, sitèlman tou pre rasin nou, se sèlman Bondye ki kapab fè li. Nou bezwen Bondye pou konvèti, chanje nou.

Mwen sonje nan istwa predikatè sa a, Spurgeon, ki jan li t'ap mache nan London lè yon moun ki te anba tafya pwoche bò kote l ', apiye sou yon poto limyè bò kote l ', li di: "Hey, Mesye Spurgeon, mwen se youn nan moun konvèti ou yo!" Spurgeon reponn, "Ou dwe youn nan moun konvèti-m yo—ou sètènman pa youn nan moun Senyè a!" Rezilta malkonprann, konfizyon nan sa Bib la ansènye sou konvèsyon montre ke legliz evanjelik yo plen moun ki te pran desizyon ki sensè nan yon moman nan lavi yo, men ki vrèman pat janm fè eksperyans chanjman radikal ke Bib la prezante kòm konvèsyon tout bon an. Daprè yon etid pa lontan ke Konvansyon Batis nan Sid la (pwòp denominasyon m'), Batis nan Sid la gen yon pousantaj divòs ki aktyèlman pi wo pase mwayèn nasyonal la nan Amerik la. Jan de koz sa yo se "temwanyaj kontrè" tankou sa ta dwe ye nan mitan disip popilè Kris la, omwen an

pati, prèch sou konvèsyon ki pa biblik.

Sètènman konvèsyon pa bezwen yon eksperyans emosyonèl ki fet, men li dwe prouve tèt li avèk fwi li pwodwi si li se sa Bib la konsidere kòm vrè konvèsyon. Konprann prezantasyon Bib la sou konvèsyon se youn nan siy ki moutre ke yon legliz an sante.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Li Travay 11:18. Kisa pasaj sa a ansènye sou orijin repantans (tounen vin jwenn Bondye)? Èske repantans finalman se rezilta desizyon inilateral yon moun pou tounen vin jwenn Bondye, oswa se rezilta travay rejenerasyon Bondye reyalize nan kè yon moun?

2. Li Jenèz 6:5 ak Women 8:7. Dekri kondisyon kè yon moun ki anba pouvwa peche. Kijan Bib la reprezante kapasite moun pou fè Bondye plezi oswa pou deside ak pwòp tèt yo pou tounen vin jwenn Bondye?

3. Li Efezyen 2:1-10. Bondye fè yon gwo chanjman nan kè nou nan konvèsyon nou. Ki jan pasaj sa a reprezante chanjman sa a? Èske sa se yon bagay ke moun te kapab, avèk pwòp gwo efò yo, pwodwi nan yo menm?

4. Pa lontan Biwo vòt rapòte ke moun ki konfese ke yo se Kretyen evanjelik nan Amerik jodi a gen yon pousantaj divòs ki pi wo pase mwayèn nasyonal la. Ki rezon ki lakoz sa a? Kisa Bib la ansènye kòm kèk nan

prèv oswa "fwi" travay rejenerasyon (chanjman) Lespri Bondye reyalize nan lavi yon moun?

5. Nan syèk anvan yo, moun ki te kwè nan Kris yo te konn resevwa batèm plis nòmalman lè yo te kòmanse viv kòm adilt (egzanp, laj 17-20). Ki sa ki kapab lakòz dekadans nan group moun laj sa yo ki pami kretyen Batis ki resevwa batèm nan dènye syèk sa a? Poukisa sa ta dwe enpòtan?

5

KONPREYANSYON BIBLIK SOU EVANGELIZASYON

I. **Konsekans neglijans**

II. **Evanjelizasyon fòme avèk konpreyansyon sou konvèsyon**

III. **Definisyon evanjelizasyon**

IV. **Se bondye menm ki konvèti moun**

V. **Lè manm depase prezans**

VI. **Twa verite pou transmèt**

VII. **Resous**

Pou revize, nou te deja konsidere pami siy ki moutre ke yon legliz an sante: Prèch ekspozisyonèl, teyoloji biblik, ak yon konpreyansyon biblik sou bòn nouvèl la ak

konvèsyon. Youn nan fason nou ka di kòman siy sa yo enpòtan se lè nou konsidere konsekans kongregasyon ki pèdi yo peye. Prèch ka twò fasilman vin anpil repetisyon banal sou verite moun deja konnen. Relijyon Kris la ka vin konfonn avèk lòt kilti nan lemonn ki nan antouraj li. Bòn nouvèl la kapab ajiste yon ti kras anplis pase moun k'ap ede (promote) pwòp tèt yo espirityèlman. Konvèsyon ka dejenere, sòti nan yon travay Bondye sèlman fè pou rive nan travay lèzòm fè. Men, kongregasyon sa yo—avèk mesaj ki pa gen fon sa yo, panse lemonn sa yo, ak yon bòn nouvèl ki santre sou pwòp tèt yo ki ankouraje konfese Kris nan bouch yon ti kras plis ke yon sèl-fwa (souvan yo mal aplike Women 10:9)—pa kapab byen pwoklame fòmidab bòn nouvèl delivrans ki genyen sèlman nan Kris.

Pou tout manm nan legliz la, men sitou pou lidè ki moun ki gen privilèj ak responsablite pou ansèyne, posede yon konpreyansyon biblik sou evanjelizasyon enpòtan. Fason yon moun pataje levanjil la, vrèman, endike fason yon moun konprann levanjil la. Si se Bib la ki fòme konpreyansyon ou sou Bondye ak bòn nouvèl la, sou bezwen lezòm ak konvèsyon, lè sa a w'ap rive reyèlman byen konprann evanjelizasyon. Nou ta dwe plis konsène pou nou konnen ak ansènye levanjil la menm, pase pou nou tou senpleman ap eseye ansènye moun metòd ak strateji pou pataje li.

Biblikman, evanjelizasyon se prezante bòn nouvèl la gratis epi kwè Bondye pou chanje moun (gade Travay 16:14). "Delivrans sòti nan Seynè a," (Jonas 2:9; cf. Jan 1:12-13). Nenpòt fason nou eseye fòse

nesans espirityèl ap efektiv tankou Ezekiel k'ap eseye kole zo sèch ansanm, oswa Nikodèm k'ap eseye bay pwòp tèt li yon nesans nouvo. Aprè sa, rezilta pral menm jan.

Si nou konprann konvèsyon kòm senpleman yon angajman sensè ke nou te fè yon sèl fwa, nou bezwen fè tout moun rive nan pwen kote yo konfese ak bouch yo epi pran angajman nenpòt fason nou kapab. Biblikman, pandan nou dwe ap pran swen, plede epi konvenk moun, premye devwa nou se fidèl nan obligasyon nou devan Bondye, ki se prezante menm bòn nouvèl Li te ban nou an. Bondye va chanje lavi (konveti) anpil moun lè nou prezante bòn nouvèl la, (gade Jan 1:13 ; Travay 18:9-10).

Li ankourajan kòman nouvo kretyen sanble konprann nati delivrans yo resevwa nan men Bondye a. Se posib ou te tande temwayaj, menm nan semèn osinon mwa ki sot pase yo, ki fè ou sonje ke konvèsyon se travay Bondye. "Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa sòti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo" (Efezyen 2:8-9).

Si gen plis moun ki (anrejistre kòm) manm nan yon legliz ke atandans legliz la, nou ta dwe mande kesyon sa a: eske legliz sa a gen yon konpreyansyon biblik sou konvèsyon? Anplis, nou ta dwe mande ki kalite evanjelizasyon ki t'ap pratike ki te lakòz gwo kantite moun sa yo ki pa patisipe nan lavi legliz la, men ki ankò konsidere, paske yo se manm ki byen kanpe nan legliz la, kòm prèv ke yo sove? Èske legliz la montre

objeksyon nan nenpòt fason, oswa legliz sanble fèmen je sou sitiyasyon sa a avèk silans yo fè? Disiplin biblik nan legliz se yon pati nan evanjelizasyon legliz la.

Nan pwòp evanjelizasyon mwen, mwen vle pataje twa bagay sa yo avèk moun sou desizyon yo dwe fè ki konekte ak Levanjil la:

1. desizyon pou swiv Kris koute chè (se poutèt sa desizyon an dwe konsidere ak anpil swen, gade Lik 9:62);

2. desizyon an ijan (se poutèt sa yo dwe pran desizyon an san pèdi tan, gade Jan 3:18, 36);

3. desizyon an vo levanjil (bòn nouvèl) la (se poutèt sa yo dwe pran desizyon, gade Jan 10:10).

Se pou balans sa a nou ta dwe ap lite nan evanjelizasyon nan mitan fanmi nou ak zanmi nou yo. Se pou balans sa a nou ta dwe ap lite nan evanjelizasyon nou kòm nan tout legliz la.

Gen kèk bon resous ki ekri sou evanjelizasyon. Pou konsidere koneksyon ant konpreyansyon nou genyen sou levanjil la ak metòd evanjelizasyon nou itilize, mwen rekòmande liv sa yo: Will Metzger's Tell the Truth (Inter Varsity Press), and Lain Murray's The Invitation System and Revival and Revivalism (Banner of Truth Trust). Yon lòt siy ki moutre ke yon legliz an santé se yon konpreyansyon ak pratik biblik sou evanjelizasyon. Sèl vre matirite se matirite ki sòti nan Bondye.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Otè liv la defini evanjelizasyon kòm "prezante bòn nouvèl la san baryè, epi kwè Bondye pou konvèti moun." Kòman konpreyansyon nou ke se Bondye menm ki konvèti moun afekte evanjelizasyon nou fè? Ki sa ki ka rive evanjelizasyon n'ap fè a si nou konvenk tèt nou ke li nesesè pou yon moun fè chwa pou li kapab konvèti (chanje lavi li)?

2. Èske kantite moun ki manm legliz ou a plis pase moun ki prezan legliz la? Si se konsa, ki sa ou panse ki lakòz sa? Eske Evanjelizasyon legliz la prezante bòn nouvèl (levanjil) la nan yon metòd ki byen balanse, yon fason ki bon? Ki sa ki ta dwe fè pou amelyore balans la?

3. Ki sa otè liv la vle di lè li di desizyon pou swiv Kris "koute chè?" Ki sa li vle di lè li di desizyon an "ijan?" Ki sa li vle di lè li di desizyon an "vo li?" Ki kèk pasaj nan Bib la ki ansènye twa verite sa yo?

6

KONPREYANSYON BIBLIK SOU MANM LEGLIZ

I. Manm legliz nan bib la

II. Manm legliz se yon angajman

III. Gwo vid ant manm ak responsabilite (yo nan legliz)

IV. Manm legliz se yon responsabilite

V. Manm legliz se temwanyaj nou sou delivrans nou

VI. Manm legliz ki enpòtan

Nan yon sans, sa nou konnen jodi a kòm "manm legliz" pa biblik. Nou pa gen dokiman sou kretyen ki t'ap viv nan premye syèk, tankou kretyen nan sant Jerizalèm, ki te gen chwa pou deside manm yon Espesifik asanble kretyen olye yo manm nan yon lòt. Sa nou kapab di, pat gen

moun k'ap machande legliz paske te gen yon sèl legliz nan yon kominote. Nan sans sa a, nou pa konnen lis manm legliz nan Nouvo Kontra. Men gen lis moun ki te konekte avèk legliz nan Nouvo Kontra. Moun sa yo se te vèv ke legliz t'ap sipòte (1 Timonte 5) oubyen non moun ki ekri nan Liv ki bay lavi-a (Filipyen 4:3 ; Revelasyon 21:27). Epi gen plizyè referans nan Nouvo Kontra ki sinyale definisyon ak limitasyon ki klè sou zafè manm yon legliz. Legliz yo te konnen moun ki te manm legliz yo. Pa egzanp, lèt Pòl te ekri moun Korent yo montre kèk moun pat dwe fè pati lis manm legliz la (1 Korentyen 5) epi kèk moun te dwe fè pati lis man-m legliz la (2 Korentyen 2). Nan dènye egzanp la, Pòl menm mansyone yon "majorite" moun (2 Korentyen 2:6) ki pini yon nonm ke yo mete deyò nan legliz la. "Majorite" sa sèlman kapab yon referans sou majorite group moun ki te idantifye kòm manm legliz la.

Abitid ke Kretyen vin manm yon legliz te devlope kòm yon efò pou ede nou byen soutni youn lòt nan responsablite ak renmen. Lè nou idantifye nou ak yon legliz, nou fè pastè ak manm legliz lokal sa yo konnen ke nou devwé pou nou fidèl nan prezans nou, ofrann nou, priyè nou, sèvis nou. Nou ogmante konfidans lòt moun gen nan nou nan kategori sa yo, epi nou demontre ke nou se responsab legliz lokal la. Nou asire legliz la sou angajman nou ak Kris pandan n'ap sèvi ansanm, epi nou mande angajman pou sèvi nan renmen epi pou ankouraje nou nan fè disip.

Nan sans sa a, manm nan yon legliz se yon ide biblik. Pami lòt bagay, ide sa sòti nan imaj kò yon moun ke Pòl itilize pou reprezante yon legliz lokal. Li

sòti nan delivrans Kris reyalize pou nou pa mwayen gras Li epi plase nou nan legliz pou sèvi Li nan renmen pandan n'ap sèvi lòt moun. Li sòti nan obligasyon mityèl ki soulinye nan vèsè ki pale sou "ansanm" ak "youn ak lòt" yo nan Bib la. Tout sa yo anvlope nan kontra yon legliz ki an sante (Al gade nan Apendis liv sa a).

Li pa kòm yon sipriz ke alinye konpreyansyon nou avèk evanjelizasyon, konvèsyon ak bòn nouvèl la plis ak Bib la genyen konsekans pou fason nou wè manm nan yon legliz. Nou pral kòmanse wè manm legliz mwens kòm senpleman yon afilyasyon ki vag ki itil sèlman kèk okazyon men plis kòm yon responsablite regilye ki angaje nou nan lavi yon lòt pou rezon bòn nouvèl la.

Li fasil pou jwenn yon gwo diferans ant manm ki pa aktif nan yon legliz ak manm legliz ki aktivman patisipe. Imajine yon legliz ki gen 3,000 manm ki gen sèlman 600 manm aktif ki vini legliz la regilyèman. Mwen pè ke anpil pastè evanjelik jodi a gen plis fyète pou rapòte konbyen manm yo konte nan kaye legliz yo olye pou pastè sa yo ta nan gwo lapenn pou manm ki prezan regilyèman legliz la. Daprè yon dènye etid ke Konvansyon Batis nan Sid la fè, sa a se yon sitiyasyon nòmal nan legliz Batis sid yo. Yon legliz Batis abitye genyen 233 manm epi 70 sèlman vin legliz nan sèvis adorasyon dimanch maten yo. Èske nou bay nan ofrann pi byen? Ki kongregasyon ki gen bidjè ki egal—oubyen depase—10% revni legliz la ranmase chak ane nan men manm yo? Eksèpte kote andikap fizik anpeche prezans oswa fado finansyè anpeche moun

bay, eske yon sitiyasyon konsa pa sijere ke manm nan yon legliz pa vle di patisipasyon nan legliz pousa?

Men, sa kantite manm sa yo vle di? Nimewo ekri kapab, petèt pi fasil, reprezante zidòl fasilman tankou pòtre figi zidòl oubyen pi fasil toujou. Men, se Bondye menm ki pral evalye lavi nou, epi Li pral peze travay nou, mwen panse, olye se konte n'ap konte kantite manm nan legliz la. Si legliz la se tankou yon kay, ebyen nou dwe blòk yo nan li; si legliz la se tankou yon kò moun, ebyen se manm kò a nou ye; si legliz la se kay frè ak sè ki gen menm konfyans nan Bondye, sa vle di nou se yon pati nan kay (fanmiy) an. Mouton yo ki mouton nan troupo a, Se branch sou pye rezen an tou. Biblikman, si yon moun se yon kretyen li dwe yon manm nan yon legliz. Si-w kite tout detay yo pou yon moman—ke nou kenbe lis non manm legliz la nan yon kat blan oswa sou disk konpitè— nou pa dwe janm bliye reyini regilyèman (Ebre 10:25). Kalite manm legliz sa yo se pa tou senpleman dosye yon deklarasyon ke nou te fè yon fwa. oswa afeksyon nou genyen pou yon plas nou abitye ale. Li dwe reflete yon angajman aktif, oswa li pa vo anyen, epi pi mal pase pa vo anyen, li yon danje.

Manm ki pa patisipe kòz konfizyon, ni moun ki manm legliz la ni moun ki pa kretyen jan sa, sa vle di yon kretyen. Aprè sa, manm "aktif" yo se manm volontèman "inaktif " yo okenn sèvis lè yo pèmèt yo rete manm nan legliz la, paske manm yon legliz vle di tout legliz la anose ke moun sa ki manm legliz la sove. Yon fwa ankò, moun dwe konprann sa a byen klè: manm nan yon legliz se temwanyaj tout legliz la ke

moun sa sove. Men, kòman yon legliz kapab onètman temwanye ke yon moun ki toujou absan nan legliz la ap fidèlman kouri menm kous ak rès manm fidèl legliz la? Si gen manm ki kite legliz nou epi ki pa ale nan nenpòt lòt legliz ki kwè nan Bib la, ki prèv nou kapab bay ke yo te yon pati nan nou?

Nou pa nesesèman konnen ke moun ki inaktif sa yo pa kretyen; nou senpleman pa kapab afime ke yo se kretyen. Nou pa gen pou di moun ki inaktif sa yo ke nou konnen y'ap ale nan lanfè, se sèlman ke nou pa kapab di yo ke nou konnen yo pral nan syèl la. Pou yon legliz pratike "siyifikasyon manm legliz" selon Bib la pa mande pèfèksyon, (pou legliz bon nèt san manke anyen), men senserite. Li mande, pa mande pou ou fè yon desizyon raz, men pou ou fe yon disip ki reyèl. Li pa fòme ak eksperyans pèsonèl moun sèlman, men ak afimasyon tout moun ki nan kontra ak Bondye epi youn ak lòt. Pèsonèlman, mwen espere wè kantite manm nan legliz kote m'ap sèvi a vin pi itil, pou tout moun ki pote non manm sèlman nan bouch vin manm nan aksyon oubyen nan reyalite. Pou anpil moun, sa te vle di retire non yo nan lis manm legliz la (menm si se pa retire yo nan kè nou).

Pou lòt moun, sa te vle di renouvle angajman yo nan lavi legliz la. Nouvo manm yo resevwa enstriksyon nan konfyans nan Bondye ak nan lavi legliz la. Anpil nan manm legliz la kounyeya bezwen menm enstriksyon ak ankourajman sa a. Pandan n'ap chache vini yon legliz Batis ki an sante jan nou te ye daprè istwa nou, kantite moun ki prezan legliz la te vin depase kantite moun ki anwole kòm manm legliz la

yon lòt fwa ankò. Se vre wi, sa a ta dwe dezi ou pou legliz kote ou manm nan tou.Restore pratik fòmasyon manm pou itil legliz gen anpil avantaj. Li pral fè temwayaj nou devan moun ki pa kretyen pi klè. Li pral fè li pi difisil pou mouton ki pi fèb yo egare sòti nan patiraj la, pandan yo kontinye konsidere tèt yo mouton. Li pral ede bay fòm ak konsantrasyon sou fòmasyon fè disip ak kretyen ki gen plis matirite yo. Li pral ede lidè legliz yo konnen egzakteman ki moun ki anba responsablite yo. Nan tout bagay sa yo, Bondye pral resevwa lwanj.

Lapriyè pou "manm legliz" kapab vin siyifi plis pase li siyifi pou ou kounyeya, konsa nou kapab pi byen konnen moun nou responsab yo, pou nou ka lapriyè pou yo, ankouraje yo epi konfwonte (reveye) yo. Nou pa ta dwe pèmèt moun kenbe plas yo kòm manm nan legliz la pou rezon santimantal (oubyen atachman familyal). Konsidere daprè Bib la, kalite manm sa yo pa manm legliz vre. Nan kontra legliz nou an, nou pwomèt ke "Nou prale, lè nou kite plas sa, pi vit ke posib ini ak yon lòt legliz kote nou ka kontinye fonksyone nan menm espri kontra ak nan prensip Pawòl Bondye." Responsablite sa a se yon pati nan fè disip ki an sante, espesyalman nan tan kout sa k'ap pase a.

Manm yon legliz vle di ke nou mete ansanm nan fason pratik kòm manm nan kò Kris la. Sa vle di vwayaje ansanm kòm etranje ak moun lòt nasyon nan monn sa a pandan n'ap fè wout pou lakay nou ki nan syèl la. Sètènman yon lòt siy pou montre yon legliz ki an santé se yon konpreyansyon biblik sou manm legliz.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Eske Bib la dirèkteman pale sou lis manm nan yon legliz lokal? Ki kote li endike sa? Li 1 Korentyen 12:14-26. Kòman manm yon legliz kapab ede nou kòm kretyen viv
obligasyon sa yo nou genyen anvè youn lòt kòm manm nan kò Kris la?

2. Otè liv sa a ekri ke nou ta dwe wè manm nan yon legliz "mwens kòm senpleman yon afilyasyon ki vag, ki itil sèlman kèk okazyon epi plis ankò kòm yon responsablite regilye ki angaje nou nan lavi youn lòt pou rezon bòn nouvèl la." Konsidere deklarasyon sa a, ki jan pi fò nan manm ou yo wè plas yo kòm manm legliz la? Ki responsablite yon manm legliz? Kòman reyalizasyon responsablite sa yo kontribye nan travay anonse levanjil la?

3. Otè liv la kwè ke manm nan yon legliz dwe reflete yon angajman aktif avèk Kris, oswa li pa vo anyen epi li menm yon danje. Poukisa sa ka vre? Avèk ki sa yon angajman aktif ak Kris epi ak legliz Li a sanble?

4. Manm Legliz, otè liv la ekri, se temwanyaj tout legliz la sou delivrans yon manm endividyèl nan legliz la. Li Ebre 13:17. Bib la anseye ke lidè legliz va "rann Bondye kont" pou moun ke yo responsab pou pran swen yo. Ou panse "rann kont" pwal tou senpleman gen yon deklarasyon ke yon moun yon fwa te pran

desizyon pou mache ak Kris, oubyen eske se abilite pou konnen temwayaj ke moun sa fidèlman ap donnen fwi nan levanjil la? Kòman sa afekte konpreyansyon nou sou ki kalite moun nou ta dwe ye nan lis manm ki sou kaye legliz la?

5. Otè liv la site kèk benefis sou prezève lis manm legliz nou yo avèk anpil swen. Kòman yon konpreyansyon biblik sou manm legliz fè temwayaj nou devan moun ki pa Kretyen pi klè? Kòman sa fè li pi difisil pou kretyen ki pi fèb anfouye sou chemen yo pandan yo toujou konsidere tèt yo kretyen? Kòman sa kapab ede nou fòme epi konsantre
sou fè disip ak kretyen ki gen plis matirite yo?

7

DISIPLIN NAN LEGLIZ DAPRÈ BIB LA

I. Bondye mande yon vi apa

II. Jije

III. Bondye atann legliz jije

IV. Fèmen pòt devan, ouvri pòt dèyè a

V. Mennen nouvo manm

VI. Disipline nan fason ki responsab

VII. Senk rezon pou disiplin k'ap korije

Setyèm siy pou moutre yon legliz an sante se pratik disiplin nan legliz. Disiplin nan legliz daprè Bib la fe moun we enpòtans yon moun kòm manm legliz. Malgre legliz yo te abitye pratike disiplin nan legliz depi nan tan Kris kounyeya l'ap disparèt kòm yon pratik nan lavi legliz evanjelik yo nan dènye jenerasyon yo.

Nou menm lèzòm te orijinèlman kreye pou nou sanble ak Bondye, pou nou temwen karaktè Bondye nan kreyasyon an (Jenèz 1:27). Poutèt sa, li pa yon sipriz ke nan tout Ansyen Kontra, pandan Bondye ap fòme yon pèp pou pwòp tèt Li, Bondye enstwi yo pou yo viv apa (sentete), pou karaktè yo ka rive pi byen sanble pwòp karaktè Bondye (Levitik 19:2; Provèb 24:1, 25). Se te objektif pou koreksyon epi menm pou retire kèk moun nan kominote a nan Ansyen Kontra (kòm nou wè nan Nonb 15:30-31), epi se rezon pou konfòme legliz Nouvo Kontra tou (gade 2 Korentyen 6:14—7:1; 13:2; 1 Timote 6:3-5; 2 Timote 3:1-5).

Malgre sa, ide disiplin nan legliz parèt trè negatif pou anpil moun jodi a. Aprè tout bagay, eske Jezi Senyè nou an pat anpeche moun jije nan Matye 7:1? San dout Jezi te anpeche moun jije moun nan yon sans nan Matye 7:1; men nan menm liv la tou, Jezi aklè rele nou pou nou egzòte lòt moun pou peche yo, menm pou nou rive egzòte yo nan piblik (Matye 18:15-17; cf. Lik 17:3). Poutèt sa, nenpòt sa Jezi te vle di sou anpeche moun jije nan Matye 7:1, Li san dout pat retire tout bagay ke mo "jije" vle di. Bondye pou tèt Li se yon jij. Li te yon jij nan jaden Edenn, epi nou rete anba jis jijman Li depi nou rete nan peche nou yo. Nan Ansyen Kontra, Bondye jije ni nasyon ni moun, epi nan Nouvo Kontra Li avèti nou menm Kretyen ke Li gen pou jije kalite travay chak kretyen te fè (1Korentyen 3). Bondye disipline pitit Li nan renmen, epi nan kolè Li gen pou kondane moun imoral yo ki pa konnen Li (gade Ebre 12). San dout, nan dènye jou a, Bondye gen pou revele tèt Li kòm Jij final la (gade Revelasyon 20). Nan tout

jijman sa yo, Bondye pa janm gen tò, Li toujou gen rezon (gade Jozye 7; Matye 23; Lik 2; Travay 5; Women 9).

Anpil moun trouve se yon sipriz pou aprann ke Bondye atann lòt moun pou jije tou. Bondye bay gouvènman responsabilite pou jije (gade Women 13). Bib la egzòte nou pou nou jije pròp tèt nou (gade 1 Korentyen 11:28; Ebre 4; 2 Pyè 1:5). Bib la di nou pou nou jije youn lòt nan legliz (magre se pa nan dènye fason Bondye Li menm jije a). Pawòl Jezi nan Matye 18, pawòl Pòl nan 1 Korentyen 5-6, avèk anpil lòt referans biblik montre aklè ke legliz dwe pote jijman anndan legliz epi rezon jijman sa a se pou restore moun, pa pou pote revanj sou moun (Women 12:19). Nan ka nèg ki t'ap viv nan adiltè nan lavil Korent lan, fo direktè (pwofèt) yo nan lavil Efèz, Pòl di pou mete moun sa yo deyò nan legliz epi livre yo bay Satan pou yo ka aprann pi byen epi pou nanm yo kapab sove (gade 1 Korentyen 5; 1 Timote 1). Li pa yon sipriz ke nou dwe resevwa enstriksyon pou jije. Aprè tout bagay, si nou pa kapab di kòman yon kretyen pa dwe viv, kòman nou kapab di kòman yon kretyen dwe viv? Youn nan sa ki konsène mwen sou anpil program sou disiplin nan legliz se paske yo tankou w'ap vide dlo nan bokit koule—yo bay tout dlo k'ap vide a atansyon, san yo pa panse sou kòman bokit la resevwa epi kenbe dlo a.

Yon moun ki ekri sou kwasans legliz pa twò lontan rezime konsèy li sou ede yon legliz grandi: "ouvri pòt devan epi fèmen pòt dèyè a." Li vle di nou dwe travay pou fè legliz pi fasil pou moun ka jwenn li, epi fè yon pi

bon travay nan prezève kontak ak moun sa yo. Tou de objektif sa yo bon, men majorite pastè jodi a deja planifye pou yo gen legliz ki gen pòt devan yo ouvri epi pòt dèyè yo fèmen. Okontrè, eseye pou swiv yon modèl biblik dwe mennen nou nan estrateji sa a: "fèmen pòt devan epi louvri pòt dèyè." Nan lòt mo, fè li pi difisil pou rantre, yon kote, epi pi fasil pou deyò, yon lòt kote. Aksyon sa yo va ede legliz restore imaj bèl diferans ki egziste ant legliz ak lemonn, jan Bondye te toujou planifye-l la. Disiplin sa a dwe reflete an premye nan fason nou, kòm legliz, aksepte nouvo manm nan legliz la. Eske nou mande ke moun sa yo ki kandida pou vini manm legliz la konnen yo se moun ki gen responsablite pou viv yon lavi ki onore Kris? Eske nou konprann kòman angajman n'ap pran avèk yo epi y'ap pran ak nou an serye? Si nou prete plis atansyon sou kòman nou rekonèt epi resevwa nouvo manm nan legliz la, pita nou va gen mwens okazyon pou pratike disiplin nan legliz la pou korije moun.

Vrèman, nenpòt kalite disiplin nan legliz kapab pa administre byen. Nan Nouvo Kontra, Bib la ansènye pou nou pa jije lòt moun pou motiv nou akize yo (gade Matye 7:1), oubyen pou jije youn lòt pou bagay ki pa lesansyèl (Women 14-15). Pasaj sa a chaje ak problem nan aplikasyon pastoral, men nou dwe sonje ke tout lavi kretyen an, an gwo, difisil, epi kapab abize. Nou pa dwe itilize difikilte nou yo kòm eskiz pou nou pa pratike viv lavi Bondye rele nou viv pou Li kòm kretyen. Chak legliz lokal gen responsablite pou jije lavi ak enstriksyon lidè k'ap dirije legliz la, epi menm manm legliz yo, espesyalman nenpòt lè youn konpromèt

temwanyaj bòn nouvèl legliz la (gade Travay 17; 1 Korentyen 5; 1 Timote 3; Jak 3:1; 2 Pyè 3; 2 Jan).

Disiplin legliz ki biblik se senp obeyisans yon moun nan Bondye epi senp konfesyon ke nou bezwen èd. Men senk rezon pozitiv pou kalite disiplin nan legliz ki ede korije. Objektiv li pozitiv (1) pou moun ki anba disiplin nan, (2) pou lòt kretyen lè yo wè danje peche, (3) pou santé tout legliz la, epi (4) pou temwayaj piblik tout legliz la. Pi enpòtan nan tout (5), sentete nou (yon lavi apa pou Bondye) dwe reflete sentete Bondye ki yon Bonbye apa. Li dwe siyifi kichòy pou ou menm ki manm nan yon legliz, pa pou vante tèt nou, men poutèt repitasyon Bondye. Disiplin legliz ki biblik se yon lòt mak yon legliz ki ansante.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Li Jan 5:27-30. Ki moun Bondye Papa bay otorite pou jije? Kounyeya li Matye 18:15-17. Ki moun Jezi bay otorite pou jije nan lemonn? Eske legliz fidèlman pratike responsablite ke Senyè nou an ban nou?

2. Li 1 Korentyen 5:1-2. Ki aksyon Pòl di ke legliz Korent dwe pran kont manm legliz sa a k'ap peche? Kounyeya li vèsè 3-5. Avèk ki otorite (avèk ki non moun) legliz dwe aji? Eske ou panse ke Pòl te konsidere disiplin legliz kòm yon aksyon ensansib epi mechan, oubyen yon aksyon ki montre renmen (kè sansib) ki va benefisye nanm yon moun?

3. Yon ekriven te di ke Kretyen dwe "louvri pòt devan legliz la epi fèmen pòt dèyè a." Ki sa deklarasyon sa a vle di? Otè liv sa a di nou dwe pito "fèmen pòt devan epi louvri pòt dèyè a." Kilès nan de lide sa yo ki plis yon lide biblik? Ki lide ou panse k'ap plis pare pou ede yon legliz rive genyen manm ki an sante?

4. Li Women 14:1-4. Ki kèk fason ke moun kapab abize disiplin nan legliz? Pase yon moman ap panse sou kòman legliz ou kapab fidèlman epi ak anpil pridans akonpli responsablite Senyè nou an bay nan Matye 18:15-17
pandan y'ap evite abi.

8

ENTERÈ POU FÈ PROMOSYON NAN FÈ DISIP POU KRIS AK DEVLOPMAN

I. **Devlopman kretyen**

II. **Sentete (lavi apa pou bondye) se evidans devlopman**

III. **Neglijans disiplin anpeche devlopman**

IV. **Yon kominote k'ap grandi ansanm**

V. **Aparans devlopman**

VI. **Bondye glorifye nan devlopman**

Yon lòt siy ki moutre ke yon legliz ki an sante se yon preokipasyon, enterè jeneral tout moun pou devlopman legliz la—pa tou

senpleman ak nimewo k'ap grandi, men ak lavi manm legliz la k'ap grandi. Gen kèk moun jodi a ki panse ke yon moun kapab rete yon "ti bebe kretyen" pou tout lavi-l. Devlopman se yon opsyon adisyonèl pou patikilyèman disip ki devwe.

Men, devlopman se yon siy (endikasyon) nan lavi. Pye bwa k'ap grandi se pye bwa k'ap viv, epi bèt k'ap grandi se bèt k'ap viv. Devlopman enplike ogmantasyon ak pwogrè. Nan anpil kote nan eksperyans nou, lè yon bagay sispann grandi li mouri. Pòl te espere kretyen Korent yo t'ap grandi nan Lafwa (2 Korentyen 10:15). Kretyen Efèz yo, li te espere, ta "grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a" (Efezyen 4:15; cf. Kolosyen 1:10; 2 Tesalonisyen 1:3). Pyè egzòte kèk kretyen legliz primitiv pou, "tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt espirityèl, san dekoupe ki sòti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt" (1 Pyè 2:2). Anpil pastè tante pou diminye legliz yo avèk statistik nan kantite prezans, kantite batèm, kantite ofrann ki bay ak kantite manm nan legliz la, kote kwasans ka parèt aklè; sepandan, estatistik sa yo tonbe byen lwen vrè devlopman ke Pòl dekri epi Bondye vle.

Nan trete Jonathan Ewards te ekri "Trete Konsènan Afèksyon Relijye," li sijere ke vrè devlopman nan fè disip kretyen se pa finalman sèlman eksitasyon, ogmante langaj relijye, oswa grandi konesans nan Bib la. Li pa menm yon ogmantasyon ki parèt nan lajwa (kè kontan) oswa nan renmen oswa enkyetid pou legliz la. Menm ogmante nan zèl ak lwanj Bondye ak asirans nan pwòp konfyans yon moun nan Bondye pa prouve

vrè kwasans yon kretyen. Ki sa li ye? Daprè Edwards, pandan tout sa yo kapab prèv, evidans vrè devlopman yon kretyen, sèl siy ki sèten ki kapab obsève se yon lavi sen, apa pou Bondye, k'ap ogmante, ki anrasinen nan yon kretyen ki renonse pwòp tèt li. Legliz la ta dwe make pa yon enterè enpòtan pou ogmantasyon kalite sentete sa a nan lavi manm li yo.

Kòm nou te wè nan setyèm mak sa a, youn nan konsekans ki pat planifye ke yon legliz ki neglije bon disiplin peye se plis difikilte nan grandi disip pou Kris. Nan yon legliz ki pa gen disiplin, egzanp yo pa klè epi modèl yo konfonn moun. Pa gen moun k'ap plante jaden ki planifye pou plante move zèb. Move zèb, nan yo menm, degoutan, epi yo ka gen move enfliyans sou plant bò kote yo. Plan Bondye pou yon legliz lokal pa pèmèt nou kite move zèb san fè anyen. Bon enfliyans nan yon kominote moun ki nan alyans ak you lòt kapab zouti nan men Bondye pou grandi pèp Li. Lè pèp Bondye a ap devlope epi grandi ansanm nan sentete (viv yon lavi apa pou Bondye) ak nan renmen sakrifisyèl, yo dwe grandi nan abilite yo pou administre disiplin epi pou ankouraje fè disip. Legliz la gen yon obligasyon pou yo yon mwayen pou pèp Bondye a kapab grandi nan favè, gras Bondye. Si legliz la se plas kote pastè a sèlman ansènye opinion li, kote moun ap kesyone Bondye plis pase moun adore Bondye, kote bòn nouvèl la delye epi evanjelizasyon pèvèti, kote manm legliz pa itil anyen, epi kote kouran monn lan nan pèsonalite jwenn kote yo grandi alantou pastè a, lè sa a yon moun ka gen difikilte pou jwenn yon asanble kote tout manm kò a byen konèkte, byen

òganize epi k'ap edifye (bati) youn lòt. Yon legliz konsa sètènman pap fè lwanj Bondye.

Bondye glorifye tèt li nan legliz k'ap grandi, k'ap devlope. Devlopman sa a ka parèt nan plizyè fason diferan: kantite moun Bondye ap rele pou ale nan misyon; manm ki pi gran yo ki kòmanse konprann nouvo responsablite yo nan evanjelizasyon; nan antèman anpil nan manm ki pi jèn yo patisipe tou senpleman akòz renmen yo genyen pou manm ki pèsonaj yo nan legliz la; ogmantasyon lapriyè, dezi pou plis mesaj preche oubyen pou enstriksyon Bib la; reyinyon legliz ki karakterize pa vrèman konvèsasyon espirityèl; ogmantasyon nan bay dim ak ofrann, epi moun k'ap fè plis sakrifis pou bay; plis manm legliz k'ap pataje bòn nouvèl ak lòt moun; paran ki retwouve responsablite yo pou enstwi pitit yo nan konfyans nan Bondye a. Sa yo se sèlman kèk egzanp sou kalite kwasans kretyen nan legliz lapriyè Bondye pou ba yo epi kretyen nan legliz travay pou reyalize. Lè nou wè yon legliz ki gen manm k'ap grandi nan pòtre Kris la, ki moun ki jwenn kredi oswa glwa? "Bondye fè l' grandi. Se konsa, moun ki plante a pa anyen. Ni moun ki awoze a pa anyen, men se Bondye ki fè plant lan grandi a ki tout bagay la" (1 Korentyen 3:6b-7; Kolosyen 2:19). Konsa tou, benediksyon final Pyè bay kretyen primitiv yo se yon lapriyè ki vlope nan yon enperatif: "Grandi nan favè ak konesans Jezikri, Senyè nou ak Sovè nou. Se pou li tout lwanj la, kounyeya ak pou tout tan! Amèn" (2 Pyè 3:18). Nou ta kapab panse ke devlopman oubyen kwasans nou ta glorifye tèt nou. Men, Pyè konnen pi byen. "Se pou nou gen yon bon

kondit nan mitan moun sa yo ki pa konn Bondye. Konsa, lè y'ap pale nou mal, lè y'ap di se yon bann malfektè nou ye, y'a gen pou yo rekonèt tout byen n'ap fè a, y'a fè lwanj Bondye lè l'a vin jije yo" (1 Pyè 2:12). Pyè te san dout chonje pawòl Jezi, "Se pou limyè nou klere devan tout moun, pou yo wè tout byen n'ap fè yo"—epi vrèman nou ta panse li natirèl pou nou tonbe nan pèlen admirasyon pwòp tèt nou, men Jezi kontinye, Li di "fè lwanj Papa nou ki nan syèl la" (Matye 5:16). Travay pou ankouraje fè disip kretyen ak devlopman espirityèl se yon lòt mak nan yon legliz ki an sante.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Li 1 Pyè 2:1-3. Ki sa ki espwa Pyè pou Kretyen yo? Ki sa Pyè vle di "grandi" pou nou kapab fin delivre nèt?

2. Gen kèk moun ki kwè ke "kwasans legliz" vle di sèlman grandi nan kantite. Li Travay 2:41. Poukisa ou panse kantite moun ki te konvèti yo te anrejistre? Kounyeya, li rès chapit 2 nan Liv Travay. Èske kantite moun ki te konvèti yo te kapab fè lwanj Bondye si yo pa't grandi nan sentete tou? Poukisa yo te kapab fè lwanj Bondye? Poukisa yo pa't kapab fè lwanj Bondye?

3. Otè liv sa a ekri ke move zèb ka gen move enfliyans sou plant bò kote yo. Nan ki fason ke manm yon legliz ki pa gen disiplin, k'ap viv nan peche afèkte

negativman devlopman lòt kretyen bò kote yo? Kòman bon enfliyans pozitif nan yon legliz kapab sèvi kòm zouti nan men Bondye pou grandi pèp li a? Eske ou kapab panse sou kèk egzanp nan pwòp legliz ou?

4. Ki kèk fason ke yon legliz ki espirityèlman an sante glorifye Bondye? Ki kantite nan bagay sa yo ou toujou wè nan lavi pwòp legliz ou?

9

LIDÈCHIP LEGLIZ DAPRÈ BIB LA

I. Ofis ansyen nan bib la

II. Kout istwa sou chèf reskonsab legliz

III. Legliz la se otorite final

IV. Tout ansyen se alafwa chèf reskonsab—anseyan

V. Kantite chèf reskonsab

VI. Espesifik wòl yon pastè

VII. Benefis yon kantite ansyen

VIII. Konfizyon ant ansyen ak dyak

Yon mo “ansyen” nan kontèks legliz tradwi “chèf reskonsab nan legliz.” mo sa yo itilize youn pou lòt nan Bib la. Kèk fwa nou itilize tou de pou klarifikasyon nan tradiksyon liv sa a. Ki kalite lidèchip yon legliz ki an sante genyen? Yon legliz ki devwe pou Kris epi ki gen don pou sèvi? Wi. Dyak ki

modèl nan sèvi nan zafè legliz? Wi. Yon pastè ki fidèl nan preche Pawòl Bondye? Wi. Men, biblikman, gen yon lòt bagay tou ki fè pati lidèchip nan yon legliz ki an sante: ansyen (chèf reskonsab nan legliz). Kòm yon pastè, mwen priye pou Kris mete nan legliz Li moun ke don espirityèl ak enterè pastoral yo endike ke Bondye te rele yo pou vin ansyen osinon chèf reskonsab legliz (mo sa yo itilize youn pou lòt nan Bib la; e.g., Travay 20). Mwen priye pou Bondye grandi epi ekipe disip sa yo pou travay sipèvizyon pastoral ak ansèyman nan legliz nou an. Si li vin klè ke Bondye te sètènman bay moun nan legliz la don, epi si, aprè lapriyè, legliz la rekonèt don (abilite) moun sa yo, lè sa a legliz la ta dwe mete yo apa kòm ansyen, chèf reskonsab legliz la.

Tout legliz gen moun k'ap fonksyone kòm ansyen, menm si yo rele yo lòt non. De (2) non nan Nouvo Kontra pou ofis sa yo te episcopos (chèf k'ap veye sou legliz la) ak presbuteros (ansyen). Lè moun evanjelik yo tande mo "ansyen," touswit anpil panse "Presbyterian" (presbiteryen), malgre premye kongregasyonalis nan sèzyèm syèk la te ansèye ke ofis ansyen te yon ofis ki egziste nan legliz Nouvo Kontra. Nou an te kapab trouve ansyen nan legliz Batis nan Amerik nan tout 18 tyèm syèk la epi nan 19 vyèm syèk la. An reyalite, premye prezidan Konvansyon Batis Sid la, W. B. Johnson, te ekri yon trete kote li te mande pou pratike apwente epi rekonèt yon kantite ansyen nan ofis chèf reskonsab legliz yo kòm yon pratik biblik epi pou swiv modèl biblik sa a plis nan legliz Batis yo. Rekèt Johnson lan te neglije. Ke se paske moun legliz yo pat

bay Bib la atansyon, oswa presyon lavi sou fwontyè a, osinon paske legliz yo t'ap grandi twò vit nan kantite, pratik nan kiltive kalite modèl òganizasyon lidèchip sa a legliz te bese. Men, anpil piblikasyon Batis diskite nesesite pou reveye ofis biblik sa a. Menm byen bonè nan 20 tyèm syèk la, anpil piblikasyon Batis t'ap fè referans sou lidè ki pote tit "ansyen". Batis ak Presbiteryen te genyen de (2) diferans fondamantal nan konpreyansyon yo sou "ansyen". Premyèman epi pi fondamantalman, Batis yo se "kongregasyonalis." Ki vle di, yo konprann ke jijman final sou zafè legliz repoze pa sou ansyen nan yon legliz (oswa pi lwen, tankou nou jwenn nan modèl Presbyterian) men angwo avèk legliz la. Batis, poutèt sa, soulinye nati antant (konsantman) nan aksyon legliz la. Konsa, nan yon legliz Batis, chèf reskonsab legliz la ak tout lòt ankadreman ak komite aji nan sa ki finalman yon kapasite konsiltatif pou tout legliz la.

Yon nòt anplis sou otorite kongregasyon ki reyini an. Pa gen lòt pase asanble legliz lokal la ki se tribinal final anba Kris la. Nan Nouvo Kontra a, nou jwenn anpil prèv pou sa ki sanble yon fòm primitiv pou "kongregasyonalis" (yon sistèm gouvènman legliz kretyen ki gouvènen pwòp tèt li). Nan Matye 18 Lè Jezi t'ap enstwi disip li yo sou konfwonte yon frè k'ap viv nan peche,tribinal final la pat ansyen yo, ni yon evèk (bichòp) oswa Pap, ni yon konsèy oswa yon konvansyon. Tribinal final la se kongregasyon, asanble legliz la. Nan Travay 6, apòt yo te lage desizyon pou dyak yo nan men kongregasyon an, asanble legliz la. Epi tou, nan lèt Pòl yo, nou jwenn prèv ki montre

sipozisyon sa a sou responsablite final kongregasyon, asanble legliz la. Nan 1 Korentyen 5, Pòl blame pa pastè a, pa ansyen yo oswa dyak yo, men li blame kongregasyon an, asanble legliz la pou tolerans peche. Nan 2 Korentyen 2, Pòl fè referans sou sa yon majorite yo te fè pou disipline yon manm legliz ki t'ap viv nan peche. Nan peyi Galasi, Pòl rele kongregasyon legliz la pou jije ansèyman yo te resevwa. Nan 2 Timote 4, Pòl pa sèlman reprimande fo direktè yo, men tou, li reprimande moun ki peye yo pou ansènye sa zòrèy yo te anvi tande sèlman. Ansyen bay gidans, men yo fè sa, biblikman ak nesesèman, nan limit ke legliz la rekonèt.Dezyèm dezakò an se sou wòl ak responsablite ansyen yo genyen. Presbiteryen gen tandans mete anfaz sou deklarasyon Pòl fè Timote nan 1 Timote 5:17, "Kanta chèf responsab yo k'ap dirije legliz la byen, se pou yo resevwa yon lajan doub, sitou ansyen k'ap bay tout tan yo pou bay Pawòl la ak pou fè enstriksyon moun yo." Dènye fraz la, gen kèk ki diskite, klèman sigjere gen ansyen ke prensipal travay yo se pa preche oswa ansènye, men pito gouvène oswa kòmande. Sa a se orijin nan diferans ant "ansyen k'ap gouvène" ak "ansyen-anseyan" (chèf responsab legliz epi ki alafwa anseyan) nan mitan Presbiteryen.

Men, "espesyalman" se yon problèm tradiksyon mo "malista" ki nan kontèks sa a pi byen tradwi "sètènman" oswa "espesyalman." Avan nan 1 Timote 4:10, nou te li: "Nou mete tout espwa nou nan Bondye vivan an k'ap sove, espesyalman (malista) moun ki gen konfyans nan Li." Pòl sanble ap di, sou fondman ke anpil moun va sove san yo pa kwè epi yo va dirije zafè

legliz san yo pa'p preche ak ansènye: nan lòt mo, youn menm pa kapab.

Batis gen tandans mete anfaz sou sinonim, sans tokay tèm tankou "ansyen," "chèf reskonsab k'ap veye legliz," ak "pastè" nan Nouvo Kontra, epi Batis gen tandans soulinye 1Timote 3:2 kote Pòl ap esplike Timote ke yon ansyen dwe "konn kijan poul' montre moun verite a." Aprè sa, Pòl te ekri Tit pou esplike li yon ansyen "dwe kenbe mesay verite a byen fèm, jan Kris la te bay li a, poul' ka ankouraje lòt yo ak pawòl verite a, pou li ka demanti moun k'ap vire Pawòl la lanve" (Tit 1:9). Poutèt sa, Batis yo souvan derefize dakò sou itilite yon legliz ki genyen ansyen ki pa gen abilite pou ansènye Bib la.

Sa dizwityèm syèk Batis ak Prèsbiteryen souvan dakò, se pandan, se pou gen plizyè ansyen nan chak legliz lokal yo. Menm si li pa janm sijere yon espesifik kantite ansyen pou yon legliz, Nouvo Kontra klèman soulinye mo "ansyen" nan fòm pliryèl nan legliz lokal yo (egzanp, Travay 14:23; 16:4; 20:17; 21:18; Tit 1:5; Jak 5:14). Pwòp eksperyans pèsonèl mwen konfime avantaj pou legliz yo swiv pratik Nouvo Kontra, nan nonmen, kote li posib, yon kantite ansyen nan yon legliz lokal pase pou yo genyen tou senpleman yon sèl pastè, epi pou legliz la fè sèten ke ansyen sa yo se moun ki byen solid nan kongregasyon, asanble legliz la. Pratik sa a ra, etranj nan legliz Batis jodi a, men gen yon tandans k'ap grandi—epi pou bon rezon. Legliz primitiv te bezwen etabli ansyen, jodi a legliz bezwen pratike sa a tou.

Sa pa vle di pastè a pa gen okenn wòl diferan. Gen

anpil referans nan Nouvo Kontra sou preche ak predikatè k'ap preche ki pa vrèman aplike pou tout "ansyen" nan yon legliz. Se konsa, nan Korent, Pòl te bay tèt li sèlman pou preche nan yon fason ke ansyen yo pat' kapab fè (Travay 18:5; cf. 1 Korentyen 9:14; 1 Timote 4:13; 5:17). Moun k'ap preche yo te sanble ale nan yon zòn espesyalman pou preche (Women 10:14-15), men ansyen yo sanble te deja fè pati kominote a (Tit 1:5). (Pou plis enfòmasyon sou distenksyon sa yo, wè A Display of God's Glory, (CCR: 2001). Men, nou dwe sonje ke moun k'ap preche a (anonse bòn nouvèl la), oswa pastè a, se fondamantalman youn nan ansyen legliz la. Sa vle di, desizyon ki enplike legliz la, men ki pa egzije atansyon tout manm yo, ta dwe tonbe pa sou do pastè a pou kont li, men sou ansyen yo kòm yon group antye. Pandan ke sa a pafwa se yon chaj lou epi fatigan, li gen anpil benefis nan awondi oubyen konplimante abilite pastè a, pou ede nan feblès li, nan konplimante jijman l', epi nan kreye sipò nan asanble a pou desizyon, ki proteje karaktè lidè legliz la kont kritik enjis. Epi tou, sa fè lidèchip legliz la pi solid epi pi dire. Sa pèmèt estabilite ki an sante. Sa ankouraje legliz la pran plis responsablite pou pwòp espirityalite li, epi sa ede fè legliz la mwens depan sou travayè ki anplwaye legliz la.

Gen anpil legliz modèn ki gen tandans konfonn ansyen ak anplwaye nan yon legliz oubyen dyak nan yon legliz. Dyak ranpli yon ofis nan Nouvo Kontra, kòm nou wè nan liv Travay 6. Pandan ke nenpòt diferans konplè ant de ofis yo difisil, sa ki konsène dyak legliz yo se detay pratik nan legliz la: administrasyon,

antretyen, ak swen manm legliz ki gen yon bezwen fizik. Nan anpil legliz jodi a, dyak yo pran kèk wòl espirityèl; men, yo kite twòp bagay tou senpleman sou responsablite pastè a. L'ap nan benefis legliz la pou yo fè distenksyon ant wòl ansyen ak dyak yon legliz. Ofis yon ansyen se yon ofis biblik mwen okipe kòm yon pastè: se mwen menm ki pwensipalman responsab pou preche Pawòl Bondye legliz la. Men, tout ansyen dwe travay ansanm pou edifikasyon legliz la, reyini regilyèman pou lapriyè epi diskite zafè legliz la, fòme rekòmandasyon pou dyak oswa legliz la. Klèman, sa a se yon lide biblik ki gen valè pratik. Si lide sa aplike nan legliz nou yo, l'ap kapab ede pastè yo anpil nan retire gwo chay lou sou zepòl yo, epi retire menm pwòp tirani minè nan legliz yo. Vrèman vre, pratike rekonèt manm legliz ki gen bon relasyon pesonèl ak Bondye, manm ki gen bon konprann, epi manm ke moun fè konfyans kòm ansyen se yon lòt mak nan yon legliz ki an sante.

KESYON POU REFLEKSYON

1. Li Matye 18:15-17. Ki moun Jezi rekonèt kòm tribinal final nan jijman yon frè ki koupab nan peche? Koulyeya, li Travay 6:1-4. Ki moun apòt yo bay responsab chwazi sèt dyak yo? Li 2 Korentyen 2:6. Ki moun ki te bay nonm sa a pinisyon? Kisa pasaj sa yo sanble vle di sou kote otorite final nan zafè legliz repoze?

2. Li Tit 1:5. Konprann ke otorite final nan legliz repoze

sou asanble legliz la, poukisa ou panse Pòl malgre sa panse li saj pou gen “ansyen” nan tout legliz?

3. Nan 1 Timote 3:1-6, Pòl bay yon lis ki gen kalifikasyon pou yon ansyen. Pase kèk tan ap reflechi sou poukisa kalifikasyon sa yo enpòtan nan lidè yon legliz. Ki moun nan legliz ou lan ki ajiste, koresponn ak kalifikasyon sa yo?

4. Li liv Travay 6:1-4. Ki diferans ki genyen ant wòl yon dyak ak wòl yon moun ki sipèvize zafè legliz la? Eske legliz la rekonèt diferans sa nan gouvènman legliz la?

5. Nan liv Travay 6 nou aprann ke travay dyak yo se pran swen bezwen fizik legliz la, ki libere pwensipal chèf reskonsab legliz la (apòt, ansyen, pastè) pou yo gen ase tan nan lapriyè ak enstriksyon Pawòl Bondye. Ki kèk bezwen fizik kontinyèl nan legliz ou an ke yon dyak te kapab rankontre? Ki lòt wòl dyak yo kapab jwe nan prezève amoni nan legliz la oswa nan sipòte moun yo ki responsab pou ansènye ak preche Pawòl Bondye nan legliz ou an?

D È N Y E K O Z E

Lè nou kapab detèmine korèkman ke moun ki nan yon legliz se moun ki rejenere (sove), epi moun ki rejenere yo se moun ki devwe nan legliz la, lè sa a imaj legliz nan Nouvo Kontra kapab manifeste aklè nan legliz nou yo. Nan bonte Li, Bondye rele nou pou nou viv lavi pou Kris la ansanm, pandan ke renmen nou montre youn pou lòt epi swen nou bay youn lòt ap reflete renmen ak swen Bondye ban nou. Relasyon endike devosyon nan lemonn: asireman relasyon endike menm bagay la nan legliz.

Nan twazyèm kòmandman (Egzòd 20:7; Detewonòm 5:11), Bondye avèti pèp Li pou yo pa sèvi mal ak non Li. Kòmandman sa a pa senpleman entèdi pale Bondye mal, men pito li entèdi sèvi mal ak non Seynè a sou pwòp tèt nou, nan fason ki vid, ki pap regle okenn objektif, osinon pou yon move objektif.

Kòmandman sa-a se pou nou menm nan legliz. Anpil legliz jodi a malad. Nou konfonn enterè pesonèl pou matirite spirityèl. Nou konfonn senp eksitasyon pou vrè adorasyon. Nou bay akseptans lemonn plis valè ke nou viv nan fason pou nou ta rankontre epi aksepte opozisyon nan lemonn. Kèlkeswa kantite moun (figi estatistik) nan legliz yo, twòp legliz jodi a sanble endiferan sou anpil mak biblik ki ta dwe distenge yon legliz k'ap fonksyone epi k'ap grandi.

Sante legliz la dwe konsène tout kretyen, patikilyèman moun ki resevwa apèl pou vin lidè

nan legliz la. Legliz nou yo dwe revele Bondye ak bèl pouvwa Levanjil la nan kreyasyon Li a. Tout lavi nou dwe glorifye Bondye. Chay pou revele Bondye ak bèl pouvwa Levanjil la nan kreyasyon Li a se gwo responsablite epi se privilèj fòmidab nou genyen.

A L Y A N S Y O N L E G L I Z K I A N S A N T E

Konsidere ke, kòm moun ki gen konfyans, gras Bondye mennen nou nan repantans (tounen vin jwenn Bondye), pèmèt nou kwè nan Seynè Jezi Kris, epi kreye mwayen pou nou remèt lavi nou bay Jezi, konsidere ke nou te batize sou pwofesyon lafwa nan Bondye, nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a, nou kounye a, pandan n'ap repoze sou asistans Bondye, solanèlman epi avèk jwa, renouvle kontra nou youn ak lòt.

Nou pral travay epi lapriyè pou fè tou sa nou kapab pou nou ka toujou fè yon sèl kò, pou nou viv ak kè poze ansanm youn ak lòt.

Nou pral mache ansanm nan renmen youn pou lòt tankou frè ak frè k'ap viv ansanm nan Kris la, konsidere ke nou vini manm legliz Kris la; egzèse swen ak tandrès ak vijilans youn pou lòt, epi fidèlman bay youn lòt konsèy, epi lapriyè Senyè a youn pou lòt nenpòt lè okazyon an mande sa.

Nou pap neglije reyini tèt nou ansanm pou reyinyon nou yo, ni neglije lapriyè pou tèt nou ak pou lòt moun nan mitan nou.

Nou pral eseye pran swen moun ki, nenpòt ki lè, dwe anba swen nou, nan antretyen ak egzòtasyon daprè Senyè a, epi nan bon egzanp ak renmen pou chache sove fanmi nou ak zanmi nou yo.

Nou va rejwi lè lòt ap rejwi, epi fè tout efò ak sansiblite ak senpati pou youn pote chay lòt epi pataje lapenn lòt.

Nou ap chèche, avèk asistans Bondye, pou nou viv avèk anpil prekosyon nan lemonn, refize lanvi mechanste ak lanvi lemonn; epi n'ap kontinye sonje, kòm moun ki te antere volontèman pa mwayen batèm epi leve sòti vivan ankò nan senbolik tonbo a, nou gen

sou nou yon obligasyon espesyal kounyeya pou nou viv yon lavi nouvo ak yon lavi apa pou Bondye.

Nou pral travay ansanm pou pwolongasyon yon ministè evanjelik ki fidèl nan legliz sa, pandan n'ap sipòte ministè adorasyon, òdonans (batèm ak kominyon) yo, disiplin ak doktrin yo.

Nou pral kontribye (dim ak ofrann nou) avèk kè kontan epi regilyèman pou sipòte ministè legliz la, depans nan legliz la, sekou pou pòv yo, epi pou anonse Levanjil la nan tout nasyon yo.

Nou pral, lè nou deplase sòti nan plas sa a, pi vit posib, jwenn ansanm ak yon lòt legliz kote nou kapab pratike kontra sa a ak prensip nan Pawòl Bondye a.

Se pou favè ki sòti nan Seynè Jezi Kris, ak renmen ki sòti nan Bondye a, epi kominyon fratènèl ki sòti nan Sentespri a rete avèk nou tout. Amen.

9Marks.org